Келешеги уллы Өзбекстаным. (Өзбекстаным)

В 1-м отрывке, как и в произведениях английских поэтов, мы видим красочное описание природы родных мест. Называя себя «соловьём пустыни» (*саҳра бүлбили*), поэтесса подробно описывает долину цветов (*Далалар баўрында гүлдәсте дүздим*), цветы саксаула (*сексеўил гүли*) и тюльпаны (*қызғалдақ*). Во 2-м отрывке стилистический приём метафора помогает автору передать свои чувства о великом будущем Узбекистана, Родина для неё - это страна цветов (*гүллер ўатаны*), это колыбель с младенцем (*бесиклер*), это заботливая мать (*Ана меҳри жыллы Өзбекстаным*).

Таким образом, в результате сопоставительного изучения концепта «Родина/Motherland» в произведениях известных английских и каракалпакских поэтов можно сделать следующие выводы:

Как видно из приведённых примеров, концепт «Родина/Ўатан» имеет многочисленные синонимы в каракалпакском языке. Поэты от ощущения «малой родины» приходят к чувству Родины большой. Чувства поэтов выражены в национальной форме, обращены непосредственно к каракалпакской земле, вдохновляющей их. Главное внимание поэты сосредотачивают на восточном колорите природы, некоторых обычаях и традициях и национальном своебразии каракалпакского народа.

В произведениях каракалпакских поэтов наблюдается богатый словарный запас, в котором многие слова, обозначающие место рождения человека, край, страну, родину эмоционально окрашены. Это такие слова и выражения как: уллы Ўатан /великая Родина, отчизна, отечество; ана-Ўатан/ Родина-мать; туўылған жер, киндик қаным тамған жер, ана-топырақ, туўған топырақ/родная земля, родная сторона, родная сторонка; ана-жер - мать-земля; ел, елат - страна; өз үйим-мой дом и другие. Они имеют в основном положительные коннотации. Всем этим каракалпакским широко употребительным словам в английском языке соответствуют слова *country, Motherland, Fatherland*. Поэты редко употребляют слова *Motherland* и *Fatherland* в своих произведениях, особенно если речь идёт о своей собственной родине. В основном они употребляют слова, обозначающие место рождения, край, и передают свою любовь к родине через описание природы.

В полном соответствии с тенденцией английского языка к «недооценке», «недосказанности» (understatement), для выражения чувств к своему отечеству англичанам вполне хватает одного единственного слова *country*. Лингвокогнитивный анализ концепта «Motherland/Ўатан» в разносистемных языках показывает, что в каракалпакском языке слова и словосочетания, выражающие концепт «Родина» более насыщены эмоционально-экспрессивно-оценочными коннотациями.

**Литература**


1. Арутюнова Н.Д., Степанов Г.В. Русский язык. –Москва: 1979.
2. Аскольдов-Алексеев С.А.Концепт и слово. –Москва: 1997.
3. Маслова В.А.Когнитивная лингвистика.-Минск: Тетра Система. 2004.
4. Маслова В.А. Лингвокультурология. -Москва: Филология.2007.
5. Телия В.Н. Наименование *родина*$_1$ как часть социального концепта «Patria» в русском языке. Языковая категоризация. Материалы Круглого стола, посвящённого юбилею Е.С.Кубряковой по тематике её исследования. –Москва: 1997.
6. Юсупов У.К.Теоретические основы сопоставительной лингвистики. –Ташкент: 2007.
7. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. –Ташкент: 2006.
8. Юсупов И. Өмир, саған ашықпан. Сайланды шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан». 1999.
9. https://interestingliterature.com.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада машҳур инглиз ва қорақалпоқ шоирлари бадиий асарларидаги «Motherland/Ўатан» концептини қиёсий-таққослаш усулида ўрганишга бағишланган «Motherland/Ўатан» концептини таҳлил этиш шуни кўрсатдики, инглиз ва қорақалпоқ тилларида мазкур концептининг ифодаланишида ўхшаш ва фарқли жиҳатлар анчагина. Ушбу концептининг ҳар хил тизимли тилларда вербал ифодаланишининг фарқли жиҳатлари мазкур халқлар миллий маданиятларининг ҳар хиллиги билан изоҳланади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается сравнительно-сопоставительному изучению концепта «Motherland/Ўатан» в художественных произведениях известных английских и каракалпакских поэтов. Анализ концепта «Motherland/Ўатан» показывает, что имеются общие схожие и отличительные особенности в выражении этого концепта в английском и каракалпакском языках. Отличительные особенности в вербальном выражении изучаемого концепта в разносистемных языках объясняются различиями в национальных культурах народов.

**SUMMARY**

The article deals with the comparative-contrastive investigation of the concept «Motherland/Ўатан» in the literary works of the famous English and Karakalpak poets. The analysis of the concept «Motherland/Ўатан» shows that there are common similar and distinguishing features in expression of this concept in English and Karakalpak. The distinguishing peculiarities in verbal expression in the languages belonging to different systems can be explained by differences in the culture of different nationalities and countries.


## Ádebiyattanıw

# ЕДИГЕ-ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ МИЛЛИЙ ҚАҲАРМАНЫ, ЯМАСА ДӘСТАН ҚАҲАРМАНЫ ЕДИГЕНИҢ ЭТНИКАЛЫҚ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ МОТИВЛЕРДИҢ ТАРИЙХЫЙ-ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ТИПОЛОГИЯСЫ


**К.Алламбергенов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** этник мотивлар, Едигенинг дунёга келиши, аждодлари, Едигенинг туғилган жойи, ватани, этник келиб чиқиши, афсона, тарих ва достон, тарихий-фольклористик типология.

**Ключевые слова:** этнические мотивы, рождение Едиге, прадеды, родина Едиге, родина, этническое происхождение, легенда, история и дастан, исторически-фольклорная типология.

**Key words:** ethnic motives, the birth of Edige, great grandfather, Motherland of Edige, Motherland, ethnic origin, legend, history and epos, historical-folklore typology.


«Едиге» дәстанының қарақалпақ версиясы вариантларының айырымлары өзлериниң идеялық-көркемлик дәрежесиниң қунлылығы бойынша дүнья халықлары классикалық эпосларының ең алдынғыларының қатарында турады. Себеби, бул вариантлардың көпшилигинде дерлик бир уллы идея – ол да болса XIV-XV әсирлерде Мәўараўннахр ҳәм Алтын Орда аймақларында жасаған түркий тиллес халықлардың азат ҳәм абат Ўатан, бийғәрез бирлескен бир түрк мәмлекетшилигин дүзиў ушын сырт ел

басқыншыларына қарсы алып барған қаҳарманлық гүреслери айрықша бир шеберлик пенен үлкен көтериңкиликте жыр етиледи.

Өз атамаларынан көринип турғанындай, дәстанның қарақалпақ версиясы вариантлары да Орта әсирлерде Алтын Орда мәмлекетшилигин бурынғы түрк-монғол мәмлекетшилиги ҳалатынан таза түркий мәмлекетшилиги муҳамына келтириў ушын гүрескен, сол арқалы XIV әсирлердиң 90-жылларынан XV әсирдиң 20-жылларына шекем Алтын Орда мәмлекетшилигиниң ыдыраў жөнелисин тоқтатыў ушын аянбай гүресип, усы халық азатлық гүреслеринде халыққа басшылық етип, оның сүйикли батыры, ҳүкимдары, көсеми дәрежесине ерискен, ақыр аяғында «Ноғайлылар» деп аталған бул түркий руў-қәўимлерди Алтын Ордадан бөлип алып, Ноғай ханлығының, анығырағы, Ноғай-Маңғыт журтының (елиниң, мәмлекетшилигиниң) тийкарын салған Едиге батыр ҳаққында шығарма болып табылады. Қулласы, бул вариантлардың барлығы да Едигениң ерлигин, ўатанға, ел-халқына, түркий улысларына деген сүйиспеншилигин, сол арқалы ноғайлылардың, соның ишинде айрықша ноғай-қарақалпақ руўларының сыртқы басып алыўшыларға деген ғәзебин, өз алдына ел, мәмлекет болып азат ҳәм бахытлы турмыс кешириў ҳаққында әрманларын көрсетиўди бас мақсет тутқан. Сол ушын да «Едиге»ниң қарақалпақ версиясы вариантлары сюжетлик мотивлериниң кең планда берилиўи, толықлығы ҳәм қаҳарманлар образы менен тарийхый ўақыялардың тарийхый шынлыққа сай анық исенимли ҳәм көркем жаратылыўы жағынан басқа миллий версиялар вариантларынан түпкиликли парық етип турады.

Хош, солай екен, қарақалпақ версиясы вариантларындағы Едигениң туўылыўы, ата-теги, қайсы миллет, халық, руў-қәўимлерден келип шыққанлығы, ата-анасы, туўылған ўатаны, бала-шаға, үрим-путақлары, дослары ҳәм душпанлары ҳаққындағы мотивлердиң тарийхый-фольклорлық типологиясы мәселелерине бир нәзер аўдарып көрейик.

Усы көзқарастан Едигениң туўылған, жасаған жерлери, ўатаны, батырлық, бийлик, ҳүкимдарлық еткен мәкан, мәмлекетлери ҳаққындағы тарийхый дереклерге сер салып қарасақ, көбирек оның белгили бир дәўирде анық бир мәканда, ҳақыйқый өмирде жасап өткен тарийхый тулға екенлиги ҳаққында мағлыўматларға дус келемиз. Мәселени оның исми-шәрийпи ҳаққындағы гәптен баслайтуғын болсақ, бул қаҳарманның аты қарақалпақларды Едиге, Шығыс тарийхшылары мийнетлеринде Идику деп аталынса, рус жылнамаларында Едигей деп жазылады. Усындай тарийхый дереклерде оның Алтын Орда дәўиринде жасап өткен, анығырағы XIV әсирдиң 40-жылларында туўылып, XV әсирдиң дәслепки он жыллықларында қайтыс болған (1340-1419-жылларда өмир сүрген) ҳақыйқый тарийхый тулға екенлиги айтылады. Мысалы, Ибн Арабшах өз мийнетлеринде Едигени XIV әсирдиң 70-80-жылларында Тоқтамыс әскерлериниң сол қанатының бас сәркардасы болған әмир деп келтиреди.

Оның пикиринше, Едигениң Әмир Темир сарайына сиясий қашқын сыпатында баспана сорап келген сапары (Тоқтамыс пенен тоқнасыўынан кейинги сапары) 1382-1383-жылларға туўра келеди. В.М.Жирмунский, Едиге бул ўақытлары 40 жаслардан өтиңкиреп жүрген жигит жасындағы адам, деп көрсетеди.

В.В.Бартольд Едигениң туўылған жылын 1340-жыл деп есаплайды. Демек, Едигениң Тохтамысқа қарсы гүресиў ушын Әмир Темирден туўысқанлық жәрдем сорап келген бул сапары, ҳақыйқатында да, 1382-1383-жылларға туўра келеди. Бул дәўирлерде Едиге 42-43 жасларын толтырған есапланады. Солай екен, Едиге 1340-жылы туўылды, деген В.В.Бартольд пикири ҳақыйқатлыққа жүдә жақын шамалаў болып шығады.

Тарийх илиминде усындай азы-кем мағлыўматлар оның қашан, қайжерде, қалай қазаланғанлығы ҳаққында да айтылып жүр. Бир қатар белгили алымлар Едигениң өлген ҳәм жерленген жерин Орталық Қазақстан аймағындағы Уллы таў әтирапы деп тастыйықласа, соңғы жылларда айырым фольклоршы, тарийхшы алымлар бул мағлыўматты қәтеге шығарып, оның анық қайтыс болған ҳәм жерленген жери Батыс Қазақстан аймағына киретуғын ҳәзирги Ақтөбе областындағы Бөрте менен Елек аралығы деген пикирди алға сүрмекте.

Бул пикирлердиң қайсысы дурыс, қайсысы қәте, буны ўақыт деген уллы сыншы анықлап бере берер. Бирақ, бир нәрсе анық-көпшилик ҳүкимдарлар менен батырларға барлық ўақытта өзи туўылып өскен мәканында, Ўатанында, яки өзи ҳүкимдарлық еткен мәмлекетинде дүньядан өтиў да несип ете бермеген. Хош, олай болса, Едигениң туўылып өскен Ўатаны қайсы мәкан, қайсы еллер екен?

Бул ҳаққында тарийх илиминен анық бир дәреклер табыў қыйын болса да, дәстан ҳәм тарийхта келтирилген мағлыўматларды салыстыра отырып, мәлим пикирлер айтыў мүмкиншилигине ийемиз.

Дәстанның қарақалпақ версиясы вариантларында келтирилген мағлыўматларға қарағанда, Едиге де, Едигениң ата-бабасы да туўды-питти ҳәзирги Қарақалпақстан аймағында туўылып- өскен қарақалпақ халқының руў-қәўимлерине тийисли пухаралар болып табылады. Мысалы, Өтенияз жыраў Едиге туўылып-өскен Қумгент қаласы менен Қубығыр жайлаўы ҳәм Тоқыраў суў сыяқлы аймақлардың сол дәўирлердеги Едил-Жайық, Бөктергили адыр, Бөгенекли шүңгил, Ойыл менен Қыйыл, Ғарғалы, Елек аймақлары қатарында Жошы улысының ҳүкимдары Тохтамысхан сорамына тийисли екенлигине айрықша итибар берип өтсе, Ерполат жыраў менен Қыяс жыраў бул пикирлерди «Қубырлы деген әўлийеде», «Адам дарымайтуғын шөлиў-баябанда, булағы бар Қубырлы деген байтеректиң бойында» дегендей сөз тиркеслери менен толықтырады. Дәстанның Мурын жыраў вариантында болса, Едиге туўылған бул Қумгент қаласы Нил дәрьясының бойында деп жырланады.

Дәстанның қарақалпақша версиясы вариантларында Едигениң туўылып өскен, бийлик, ҳүкимдарлық еткен ўатаны, мәканларының бири сыпатында ҳәзирги Қарақалпақстан аймағы Ақмаңғыт елатындағы Ҳайўан қала шәҳәри, Төктиң таўы, Шылпықтың Қара таўы, Қақпақлы Хожа көли усаған жер-суў атамалары жийи атап өтиледи.

Бул вариантларда жыраўлардың Ҳайўан қаланы Әмир Темир Көрегенниң (Сатемирдиң) сорамындағы Едигениң қаласы, деп шамалаўларында мәлим дәрежеде тарийхый ҳақыйқатлық излери де жоқ емес. Себеби, бул дәўирлерде Әмир Темир бурыннан Шағатай улысына тийисли Қыят, Хийўа қалаларының Хусейн суўпының опасызлығы себепли Жошы улысына өтип кетиўине, әсиресе Хусейн суўпының Қыят, Хийўа қалаларын басып алыўына байланыслы Хорезмге 1371-1388-жыллары бес рет атланыс жасады, тек 1391-жылы Әмир Муўсаны пайтахт қала Үргеништи қайта тиклеўге ҳәм басқа да қурылыс жумысларын оңлаўға пәрман шығарды [20:7]. Мине, усы мағлуматларды есапқа алатуғын болсақ, Ҳайўан қала Едиге Самарқандқа келетуғын 1387-1388-жылларда Әмир Темир қол астына тийисли Хорезм аймақлары есапланған. Жыраўлар оны Едигениң қаласы дегенде, мине, усы жағдайларды нәзерде тутқан болыўы керек. Айырым тарийхый дереклер бойынша дәстандағы Едигениң бабасы Баба Түкләс жасаған Қубырлы деген әўлийениң

де тарийхый орын екенлигине, яғный монгол басқыншыларына қарсы гүресте қаҳарманларша ҳәлек болған диндар Шейх Нажим-ад-дин Қубыраның Үргеништеги мовзелейи екенлигине исеним ҳасыл қылыўға болады [18:71]. Бул дереклерде ҳәтте дәстанның өзинде де, оны жырлаган Соппаслы Сыпыра жыраўда да Қубырлы әўлийеси Хорезмде, Арал бойларында, деген пикирлер айтылады. Дәстан вариантлары менен тарийхый дәреклердеги Едигениң Қумкент деген шәҳәрде туўылыўын оның әкеси Балтычактың (Қутлықыяның) Әмир Темир атланысына дейин-ақ Ақ Орда ханы Орысханның бас әмири болғанлығын, Едиге, соң оның баласының 1405-жылдың ақырынан 1414-жылға шекем Хорезмде ҳәким болғанын жоқарыдағы пикирлерге қосып баҳаласақ, Едигениң туўды - питти Түркистан, Хорезм, Арал бойындағы түркий халықлар арасынан шыққанлығына, Ҳайўан қала оның Хорезмде бийлик еткен дәўирлеринде де бар болғанлығы ҳаққында болжаўлар ислеўге болады. Дурыс, тарийхый дәреклер бойынша Ҳайўан қала Афригидлер дәўириниң естелиги. Деген менен, онда Орта әсирлердеги Алтын Орда дәўириниң сүўретлеў өнериниң излери де көринис тапқан [18:46].

Дәстандағы Соппаслы Сыпыра жыраўдың:

Ҳайўан қала шәҳәринде,
Ақсақ улы Сатемир,
Буны көрген Бабаңман [4:175], -

деп жырлаўына, оның Маңғышлақ ҳәкими Тохтамыстың әкеси Тохтаўыл улы Тайхожаны көрдим дегенине ҳәм Нуратдинның оның Көк Ораўлы көк теңиздиң бойындағы Барсакелмес деп атайтуғын журтына үш ай он күн ишинде жетип келиўине қарағанда, Едиге ҳәм оның әкесиниң жасаған дәслепки мәканларының бири Тохтамыс сорамына тийисли болған Ақ Орда аймақлары – Арал теңизиниң бойлары болған деген пикир дурыслыққа келеди.

Улыўма, дәстанда ҳәм тарийхый дәреклерде келтирилген Едиге ҳәм оның ата-бабалары мәкан еткен жер-суў атамалары, сондай-ақ Едигеге тиккелей байланысы бар адам атлары басқа миллий версияларға қарағанда да қарақалпақ версиясы вариантларында тарийхый шынлыққа ҳәм миллий менталитетке әдеўир жақын етилип көрсетиледи. Мысалы, қарақалпақ тарийхшы - археолог алымларының тастыйықлап көрсетиўинше, Едиге бабаларының мәкан еткен Қумкент шәҳәри де, Қубырлы деген әўлийе де ҳәзирги Қарақалпақстан аймағында, ямаса оған жақын шегаралас жерлерде болып, бул аймақларды қарақалпақ этногенезине тийисли көпшилик руў-қәўимлердиң жасағанлығы көринип турады. Мәселен, орта әсирлерде қарақалпақлардың айырым бир топарлары жасаған Қумкент қаласында уллы сәркарда Әмир Темир ләшкерлери болғанлығы ҳәм бул қаланың бүгинги күнде Үстирт шетинде орналасқан Шемаха қала екенлиги, Қубырлы әўлийе болса, Ғ.Хожаниязовтың пикиринше, Қумкент (Шемаха) қаласына жақын жердеги Гурганжд (ҳәзирги Гөне Үргениш) қаласының XIII әсирдеги пири Нажиматдин Қубраның әўлийесине туўра келеди [7:39-40] . Алымның көрсетиўинше, тағы да бир кеўил аўдарарлық нәрсе - «Едиге» дәстанындағы Төктиң таўы, Ҳайўан қала, Шылпық, Қара таў, Хожа көл, Ақ билек айымның қәбири, Бес төбе, Сатемир қала, Сатемир ханның саркопы сыяқлы көпшилик топонимлик, гидронимлик ҳәм антропонимлик атамалардың Нөкис районы - Ақмаңғыт елаты аймағында жайласыўы болып табылады. Мысалы, илимий әдебиятларда дәреклер жеткиликсиз болғанлықтан да тарийхый тулға деп онша айтыла бермейтуғын дәстан қаҳарманы Ақбилек айымның қәбири де усы аймақтағы Қыран таў археологиялық комплексиндеги көк гүмбезли муҳаддес қәдем жайлардың бири болып, бүгинги күнге шекем халқымыздың дыққат - итибарын өзинше тартып келмекте. Буның үстине Нөкис районы Ақмаңғыт елаты аймағындағы Әзлер баба қойымшылығының Едигениң бабасы Баба түкли шашлы Азиздиң исми менен аталыўын есапқа алатуғын болсақ,усы аймақлардың туўды- питти Едигениң де, оның ата-бабаларының да ўатаны болғанлығына гуман келтириўге болмайды.

Дәстанның қарақалпақ версияларында Едигениң туўылып-өскен ўатаны ҳаққында буннан басқа да жер – суў атамаларының, соның ишинде Қумгент деген қаланың көбирек қарақалпақ ели аймақларына тийисли екенлигин айдынластыратуғын «Едилди еки кеширттиң», «Қумға көмдиң Қумгент деген қаламды» деп келтиретуғын қатарлар бар. Бул қатарларда жыраўлар «Едилди еки кеширттиң» деп, Тохтамыстың Едиге менен руў-қәўимлес түркий халықларын гә Едилдиң сол жағына (Дәшт таманына), гә оң жағына (Кавказ таманына) қуўып салып отырған шексиз абсолют ҳәкимиятқа умтылған озбырлық - диктаторлық сиясатын Едигениң әкеси Қутлы - Қыяның тилинде қатты қаралайды. Бизге мәлим болғанындай, Едиге болса бул дәўирде усы Едилди еки кешип жүрген улыслардың, түркий тиллес халықлардың, соның ишинде маңғытлардың ғамхоршысы, көсеми сыпатында есапланды. Дәстанның тымсаллап сүўретлеўине қарағанда, Едиге, мине, усы мәселе үстинде (Тохтамыстың түркий тиллес бир туўыс халықлар дәстүр тутқан дала демократиясы - бийлер басқарыўы институты жүйесине қарсы гүреске шыға баслаўы мәселесинде) Тохтамыс пенен келисе алмай қалған болыўы керек.

Ҳақыйқатында да, Тохтамыс дәўиринде түркий тиллес халықларға усындай зулымлықлар исленип, оның әййемнен киятырған миллий мәмлекетлик басқарыў жүйесине қарсы шешиўши топылыслар жасалынды. Қарақалпақ халық қосықларында:

Таслап кетип Хорезмдей мәканды,
Жайықта бабамыз Ноғай атанды,
Тахт өлтирди Сүйинбийке апамды,
Дәўранының бәри әрман, қарақалпақ, -

деп (дәстанда бул мазмун Қутлы-қыяның тилинде «Қумға көмдиң Қумгент деген қаламды» делинеди) айтылғанындай, манғол шабылыўлары тусында түркий тиллес халықлардың бир бөлеги Үргениш, Хорезмнен Едил-Жайыққа қарай жылыслатылып, Алтын Орда, соңынан Ноғай Ордасының қурамына кирген болса, бул дәўирлерде ноғайлылар болып Едилдиң шығыс қурғағына өтип, ол жерден Жайық дәрьясына дейинги аймақларды үзликсиз көшип-қонысланып жүрген [6:225]. Ал, олардың Едилди екинши көшип өтиўи болса Әмир Темир менен Тохтамыстың соқлығысыўлары дәўиринде болған. Бул дәўирде Алтын Орданың тийкарғы улысы болған түркий тиллес халықлар Едигениң айтқаны менен Едилдиң оң жағына өтип, «етек-жеңди тез түрип, адам изин баспастай, душпанның өтиўи оғада аўыр болған қәўипли орынларға көшип кеткен» [10:157] болса, бир топары албыраўшылыққа берилип, Едилдиң сол жағына қайта өтип, өзлериниң бурынғы ата-мәканлары Арал теңизине қарай бағдар алған [12:25]. Және бир топары болса Әмир Темирдиң олжасы сыпатында Самарқанд, Бухара тәреплерден бир шыққан [13:177].

Шыңғыс хан, оның әўладлары Жошы, Шағатай, Хулагу, Бату, Тайхожа ҳәм тағы басқалар дәўирлериндеги көп әсирлик бул трагедия картиналары қарақалпақ тарийхшыларының мийнетлеринде де айқын сәўлелениўин тапқан. Мысалы, С. Камаловтың көрсетиўинше, бул әсирлерде қарақалпақлар, дәстанда келтирилгениндей, аймақлық жақтан да, этникалық жақтан да бир неше топарларға бөлинип кеткен. Бул бөлиниў VII-XII әсирлердеги қарақалпақлар мәмлекети болған Кердерди XIII әсир басында Шыңғысханның

басып алып, Әмиўдәрьяны Узбойға (Каспий теңизине) қарай бурып жибериўинен басланған. Жаўгершилик ақыбетинен келип шыққан сиясий-экологиялық апатшылықлар Кердер мәмлекетиниң қулаўына алып келип, оның тийкарғы турғынлары болған «қарақалпақлар басқа еллерге көшиўге мәжбүр болады» [14:4-16]. XIII-XIV әсирлерде қарақалпақлардың әдеўир бөлеги Волга (Едил) бойларына барған. Батыс Хорезм менен Волга (Едил), Үстирт бойларындағы қарақалпақлар сәл бурынырақ- XIII әсирдиң ақырында Алтын Орда ханлығының қол астында болады. Ноғай улысына көшип келген қарақалпақлар да Волга бойларына көшип келеди. Солай етип, бул дәўирлерде де қарақалпақлар Батыс Хорезм менен Волга арасында бир тутас ел болады.

Усылайынша еллердиң екиге бөлиниўи Шыңғыс әўлады Тохтамысхан тусында да үйреншикли әдет тәризине айланғанлығын буннан басқа да дәстиярлы тарийхый дәреклер тастыйықлап турады. Мәселен, В.В.Трепавловтың көрсетиўинше, Тохтамыс - Едиге қарсыласлығының бас себепшиси - Тохтамыстың Алтын Орданың сол қанатындағы түркий тиллес халықлар үстинен алып барған наәдил езиўшилик сиясаты, яғный оларды дәстанда сүўретленгениндей, Едилден еки рет - биринshисинде Орайлық Азиядан Қазақстан далалары арқалы Қырым ўәлаятына, оннан және Батыс Қазақстанның отлақсыз, қунарсыз, гия көгермейтуғын қум -шөлистанлықларына қарай көширгенлиги болады [22:67].

Илимпазлардың көрсетиўинше, бул Маңғыт улысының Кавказ арқалы Қырымнан Жайыққа қарай екинши рет көшип өтиўи усы Ноғай Ордасынан бөлинип шыққан қарақалпақлардың үлкен бир топарының фольклорында айқын сәўлелениўин табады [22:68].

Жоқарыда көрип өткенимиздей, дастан версиясы вариантлары бас қаҳарман Едиге образына берилген сыпатламасы, анығырағы, оның генетикалық туўылыў мотиви ҳаққындағы аңызлар менен бир ноқатта түйисип, бир-бирин толықтырып отырады. Мысалы, дәстанның қарақалпақ версиясының барлық вариантларында Едиге абстракт символикалық әпсанаўый қаҳарманлар - Баба Түкли Шашлы Әзиздиң перзенти сыпатында дүньяға келеди.

Ш.Уәлийхановтың Ибрагим Халфинниң хрестоматиясының IV бабынан келтирген шежиреде де Едигениң ата-тегиниң әўлийе, кәраматлы адамлар екенлигин көрсетиў идеясы ҳүким сүреди. Бул шежиреге қарағанда, Едигениң арғы аталары Абиўбәкир Сыдыққа барып ушласады. Баба Түкләс (Едигениң бабасы), мине, усы Абиўбәкир Сыдықтан өрбиген әўлад болып табылады. Баба Түкләстан Термеуил, оннан Қызыша, Қызышадан Ислам-қия, Ислам қиядан Қәдир-қия, оннан Қутлы-кеба, Қутлы-кебадан Едиге туўылады [23:228-229].

В.В.Бартольдтың шығыс тарийхшыларына (Муин ад-дин Натанзин, Абулғазы, Шараф-ат-дин Али Яздий, Ибн Арабшах) силтеме ислеп, келтирген аңызларына қарағанда, Едигениң әкеси және бир аңызларда Балтычақ деп аталатуғынын да көремиз [1:798].

Мине, усы Балтычақ Орыс ханның баласы Темир Мәликтиң ең садық досты, бас әмири болған. Тохтамыс Орыс хан әўладлары менен болған соңғы саўашға Темир Мәликти (Темирбекти) өлтиргеннен кейин оның бас әмири Балтычақты шақырып, өз қараўына әмир болып хызмет етиўге имканият бергенде, ол сол заматта-ақ бул «ғамхорлық»тан бас тартады.

Миф, аңыз, шежире ҳәм дәстандағы бул детальлық белгилерде сезилерлик дәрежеде алшақлық болса да (мысалы, аңыздағы Балтычақ аты дәстан версиялары вариантларында улыўма жоқ), олар арасындағы кишигирим жақынлықлар бизге үлкен тарийхый ҳақыйқатлықтан дәрек берип турғандай. Айтайық, аңыздағы Балтычақтың доска садықлық ҳәрекетин (Темир-Мәликке садықлықта мәртлерше өлип кеткенлигин) биз дәстанның ноғайша сыңарындағы тоғыз улдың атасы жылқыманның ерлик ислеринен көремиз. Аңызда Балтычақ өзиниң ҳүкимдары, досты ушын өзин өлимге қыйса, дәстанның ноғай версиясы вариантларында жылқыман досты Қутлы-қыяның жалғыз туяғын аман сақлап қалыў ушын өз баласын Тохтамыстың өлим пәнжесине бериўге мәжбүр болады.

Бул орында дәстан (ҳақыйқатында, жыраўлар) тарийхтағы Едигениң әкесиниң (Қутлы-қая, яки Балтычақтың) мәртлик ҳәрекетлерин туўрыдан-туўры бермей, өзлериниң дөретиўшилик қыяллары арқалы досқа деген садықлықты идеалластырып көрсетиў ушын, анығырағы Қутлы-қаяның, оның перзенти Едигениң бәрқулла халық ғамхорлығында, халық қуўатлаўында болған халық сүйген қаҳарман екенлигин көрсетиў ушын бул мәртликти көркемлик мәниде билқастан Едигениң әкесиниң орнына әке болып тәрбиялаған Жылқышы, яки Туман хожа образларына көширген болыўы да мүмкин. Бәлким, Балтычақ дәстанда Едигениң әкесиниң орнына әке болған (қарақалпақшада Туман хожа, ноғайшада жылқыман) қаҳарманлардың прототипи де болар. Бул мәселениң бир тәманы.

Екинши жағынан, тарийхый дәреклерде де Едигениң келип шыққан руўының, әкесиниң аты-жөни ким болғанлығы ҳаққында мәлим мағлыўматлар бар Мәселен, В.М.Жирмунсийдиң силтеме ислеўине қарағанда, белгили Шығыс тарийхшысы Абылғазы Едигени маңғыт руўынан келтирип шығарған. Соның менен бирге, В.М.Жирмунский, Абылғазы мийнетлеринде Едигениң әкеси атының Қутлы-қыя екенлигин, оның Едиге менен туўысқан және бир қызының болғанлығы, бул қыздың Орысханның баласы Темирбекке (Темир-Мәликке) турмысқа шыққанлығы, оннан Темир-Қутлықтың туўылғанлығы ҳаққында айтылатуғынлығын да ескертип өтиледи [9:364].

В.В.Бартольд та өзиниң «Едигениң әкеси» деген мақаласында Абылғазының жоқарыдағы пикирлерине силтеме ислейди. Бирақ, В.В.Бартольдтың парсы дәреклерине сүйенип ислеген силтемесинде болса Едигениң әкеси ҳаққында басқа бир мағлыўмат келтириледи. В.В.Бартольд силтеме ислеген бул дәрекке (Муин-ад-дин Натанзидиң «Искендердиң қупыя шежиреси»не) қарағанда, Едигениң әкеси - Тохтамыстың әкеси Тайхожаны өлтирген Орысханның баласы Темирбектиң (Темир-Мәликтиң) бас әмири Балтычақ деген киси болған [1:798].

Ә.Қоңыратбаев «Балтычақ» деген сөздиң «қыпшақ» сөзине байланысы бар [16:193] деп, Едигениң шығысын қыпшаққа жақынластырмақшы болады. Бул жерде Ә.Қоңыратбаев Мурын жыраў вариантындағы эпикалық мотивке тийкарланып усындай пикирге келеди. Ҳақыйқатында да, Мурын-жыраў Едигени қыпшақтан шығарғысы келип, оны Қумкентте жасаған Барпария Бабай Түклиниң баласы, [3:150] дейди. Едигениң негизги елин Қумкентке апарып ушластырыў татарша версияда да ушырасады [11:20]. Айырым илимий дәреклерде де Едигениң ата-тегин Ақ Орда аймақларына тийисли мәканлардан келтирип шығарыў бағыты байқалады. В.В.Бартольдтың көрсетиўинше, Едигениң әкеси Балтычақ Маңғыстаў елиниң бас әмири болған [1:798].

Деген менен, В.В.Бартольд Едигениң негизги шығысы маңғыт екенин бийкарламайды. «Орақтың (Едиге әўладының - А.К.) 1496-жылға дейин Казанда турып, ел жутаған гезде қырдағы қыпшақларға бармай, Үргенищтеги маңғыт ортасына барып өлиўи тосыннан емес, - дейди Ә.Қоңыратбаев бул пикирлерди қуўатлап. - «Маңғыт» сөзиниң бир мәниси – мангус – мангут, гей-

де Маңғышлаққа да жақын [16:194]».

Бизиң пикиримизше де, Қазақстандағы маңғышлақ (маңғытлар қонысы, қыслаўы, ели, қышлағы – А.К.) елатынан тартып Қарақалпақстандағы Ақманғыт (ҳәзирги Нөкис районы), Маңғыт (ҳәзирги Әмиўдәрья районы) Маңғытжарған (ҳәзирги Қараөзек районы) елатлы мәканларына дейинги кең аймақ ерте дәўирлерден баслап-ақ маңғытлар мәканы, жери болған болса керек. Себеби, айырым тарийхшылардың пикирине қарағанда, Шыңғысхан Хорезмди жаўлап алған 1218-1221-жылларда-ақ маңғытлар Әмиўдәрьяның шеп тәрепин (ҳәзирги Қарақалпақстан Республикасы аймақлары) менен Қашкардәрья ўәлаятында массалық қонысланған қалың елат [15:4] болса, Бату-хан дәўирлеринде маңғытлар Дашти қыпшақтың тийкарғы турғынлары сыпатында турмыс кеширген [10:128].

З.Жандарбек Баба Тукластың (Садр-ад-дин шайхтың) арғы аталары - Отырардың соңғы ханы Хасан ибн Абу әл - Халық ханның Мухаммед Пайғамбар халифасы Абу Бакир Сыдықтан тараған урпақлар, екенлиги ҳаққындағы версияны үзил-кесил қуўатламайды, оны керисинше Муҳаммед ибн ал Ханафийа тәлийматын жаратыўшылар ўәкилинен деген дәреклерге көбирек урғы берип, әсиресе «Насаби нама» нусқаларындағы Баба Туклас - Исҳақ Баб әўладынан тарайтуғын Исмайыл шайыхтың тәлийматына, анығырағы исламның яссаўия жолына сыйыныўшылар болған Қумкенттеги Алшын, Қырық, Маңғыт, Жүз, Келтебайтал, Қыпшақ, Кенегес, Қоңырат, Қарақалпақ тайпаларының пири (көсеми, диний - руўхый басшысы А.К.), деген пикирди тастыйықлайды.

Алым усы тезисти қуўатлаў мақсетинде Баба Тукластың түркий Қараҳанлық ханлар әўлады екенлигин баса айтып, ҳәтте Әмир Темирдиң де Карасман қаласындағы Сатуқ Буғра хан Абд Рахим менен Садр - ат - дин Шайх қәбирлерине зыярат жасағанлығы ҳаққындағы дәреклерди де келтиреди [8:87].

Улыўма, оның тастыйықлаўынша, Садр Ата-баба Туклас Садр ад - дин Шайх - Баба Түкли Шашлы Азиз Қараҳанлық бийлеўшилер әўлады болыў менен бирге Яссаўия тәлиматының белгили ўәкили болып табылады [8:89].

Едигениң манғыт руўынан келип шыққанлығынан ҳәм сол руўдың бийи сыпатында танылғанынан болса керек, ноғайлар менен қарақалпақлар оны өзлериниң ата-бабасы сыпатында тән алады. Ноғай тарийхшыларының көрсетиўинше, Едиге - Ноғайлы журтының бабасы, манғыт руўының көсеми, ноғайлылар, соның ишинде қарақалпақлар менен ноғайлар өзлериниң орта әсирлердеги мәмлекетлик дүзилисин Маңғыт журты, өзлерин маңғытпыз, деп есаплаған. Едиге, оның балалары Қазый, Нуратдинлер сол Маңғыт журттың дәслепки ханлары есапланған [17:19-20].

Қарақалпақ тарийхы менен шуғылланыўшы көпшилик орыс илимпазлары ноғайлылардың, соның ишинде ақ манғытлардың қарақалпақлар этногенези менен тығыз байланыслы екенлигин айтады [12]. Мысалы, тарийхшы В.В.Трепавлов Маңғытлардың ақ маңғыт деген тайпасының қарақалпақлардың басқа түркий халқықлардың руў-қәўимлик қурамында жоқ екенлигин [22:63] айтса, қазақ фольклортаныўшылары Машҳур Жусип, Р.Бердибаев мийнетлеринде Едигени тиккелей қарақалпақ әўладына апарып ушластырыў бағыты байқалады [2:63]. Ал, қарақалпақ тарийхшысы С.Камалов Едигени, ол дүзген орта әсирлик мәмлекетти «қарақалпақлардың маңғыт руўынан шыққан Едигениң ханлығында қарақалпақлар менен ноғайлардың тутқан орны үлкен. Ноғайлар да, ноғайлылар да, яғный қарақалпақлар да бул мәмлекетти (1391-жылы дүзилген Маңғыт журтын – А.К.) өзлериниң мәмлекети деп түсиндиреди» [15:4-16], деп баҳаласа, рус илимпазы, академик В.М.Жирмунский, қазақ илимпазы, академик Ө.Х.Марғуланлар қарақалпақлардың «Едиге» дәстанына оғада жоқары баҳа бериў менен бирге, бул дәстанның архетипке ең жақын вариантлары қарақалпақ версиясы вариантлары екенлигин айтып кеткен [15].

Бул пикир ноғай фольклоршылары ҳәм тарийхшылары тәрепинен де толық қуўатлаў табады. Атап айтсақ, М.Г.Сафаргалиев пенен Б.А.Б.Кочекаевлар Ноғай-маңғыт мәмлекетшилигиниң тийкарын салыўшы Едигениң маңғыт руўынан екенлигин тастыйықлай отырып, ол дүзген мәмлекеттиң Маңғыт журты (Ноғай ҳәм қарақалпақ журты – А.К.) екенлигин айтады [21:19]. «Әне, сол Маңғыт руўынан шыққан Балташық (тарийхта Балтычак) улы Едиге» [19:7] деп келтиреди ноғай фольклортаныўшысы Ашим Шейх-Али улы. Ал, Ноғай Ордасы бойынша арнаўлы изертлеў алып барған тарийхшы В.В.Трепавлов усы версияны (Едигени «ақмаңғыт» руўынан деген версияны – А.К.) «ең бир исенимли, анық ҳәм жәмийетшилик кеңнен қабыл еткен версия» [22:13] деп жуўмақ жасайды. Оның бул пикирин ноғай, қарақалпақ, татар, башқурт шежирелери менен усы халықлардағы «Едиге» дәстанының көпшилик вариантлары, сондай - ақ Ш. А. Язди, Кононов, Шамий, Абулғазы, Солоҳиддин Тошкандий усаған шығыс-батыс тарийхшыларының мийнетлери де тастыйықлап турады.

Улыўма, дәстанда этникалық келип шығысы бойынша Едиге маңғыт, деп образы жаратылған тарийхый тулға Едиге 1405-жылдан кейин 14 жыл даўамында пүткил Алтын Орданың бийлигин, дизгинин өз қолында услап турған Ноғай-Маңғыт улысының көсеми, Әмир Темирдиң садық досты Едиге маңғыт-Едиге Балтышақ улы екенлигин тарийх пәни әлле қашан мойынлаған. Сол ушын да В.Д.Греков, А.Ю.Якубовскийлер «Бул Едигени, яғный Маңғытлар қәўиминен шыққан, рус жылнамаларында Едигей аты менен белгили болған Едиге маңғытты Маўараўннахр тарийхы менен байланыслы болған Едиге барлас, Едиге өзбек пенен алжастырмаў керек» [6:272] деп өз ўақтында қайта-қайта астын сызып айтып кетти..

Бул, демек, дәстанның қарақалпақ версиясы вариантларын атқарыўшылардың Едигениң ата-теклик, руўқәўимлик генетикалық келип шығыў мотивине миллийлик колоритин бериўи тарийхый шынлыққа жақын әдебий-көркем шынлық деген сөз. Бул, демек, «Едиге» дәстанының барлық миллий версиялары дәслепки дөрелиў дерегиндеги, архетиптеги қарақалпақ версиясынан келип шыққан деген сөз.

Бизиңше, бул фактлер Едиге дәстанының қарақалпақша версиясы вариантларының тарийхый шынлыққа ең жақын вариантлар екинлигин көрсетиў менен бирге, Едигениң де этно-генетикалық, ареал-аймақлық жақтан да қарақалпақлардың миллий руўхый өмирине, менталитетине ең жақын тарыйхый тулға екенинен дерек береди.

**Әдебиятлар**


1. Бартольд В.В. Сочинения, т.II ч, 21. (Общие работы по истории Кавказа и Восточный Европы. Работы по истории Средней Азия). -М.: Изд-во ВЛ, 1963.
2. Бердибай Р., Дүйсенби А. Едиге туўралы қазақ аңыздары.-«Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге»ни үйрениў мәселелери». Халық аралық конференция тезислери. -Нөкис, 2001.-Б.33.; Көпеев М.Ж. «Ер Едиге»,. Едиге батыр. –Алматы: 1996.
3. Ер Едиге. // «Жулдыз», 1989.
4. Едиге. (Ерполат жыраў варианты). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
5. Эдиге. Ноғайдың қырк батыри. -Махачкала: ДАССР мәмлекетлик Қ.Б., 1991.
6. Греков В.Д., Якубовский А.Ю. Олтин Урда ва унинг қулаши. -Тошкент: Ўздав. Ўқув-педагогика нашриёти, 1956.

7. Хожаниязов Г. «Едиге» дәстанындағы тарийхый - археологиялық орынлар. -Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге»ни изертлеў мәселелери (Халықаралық илимий - теориялық конференция тезислери.). - Нөкис, 5-6-сентябрь 2001.
8. Жандарбек З. Йасаўиа жолы және қазақ қоғамы. - Алматы: «Ел - шежире», 2006.
9. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. -М.: «Наука» Л.О., 1974, -С. 364.
10. Ибн Арабшах. Амир Темур тарихи. -Тошкент: «Меҳнат», 1992.
11. Идегәй. -Казан: ТКН, 1989, 20-б.
12. Иванов П.П. Очерки истори каракалпаков. // Материалы по истории каракалпаков / Сборник, Труды Института Востоковедения АН ССР, т.VII.-М.Л.: изд-во, АН ССР, 1935, с.33-35. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. -М.Л.: изд-во, АН ССР, 1950. -С.127.
13. Иванин М. Икки буюк саркарда. Чингизхон ва Амир Темур. Тошкент: «Фан», 1994.
14. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетшилигиниң тарийхынан. -Нөкис, 2001.
15. Камалов С. «Едиге» дәстаны ҳәм тарийх./ Халық аралық конференция тезислери. –Нөкис: 2001.
16. Қоныратбаев Ә. Қазақ эпосы және түркология. -Алматы: «Ғылым», 1987.
17. Кочекаев А.Б. Ногайско-русские отношение в XV-XVIII в. -Алма-ата: «Наука» Каз ССР. 1988.
18. Қыдырниязов М.Ш. Алтын Орда дәўириндеги Түслик Арал бойы мәденияты. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.
19. Ногайдынь кырк баьтири. Эдиге. Ногай халқ дестанлары.-Махачкала: 1991.
20. Сарыбаев Қ. Әмир Темирдиң түслик Арал бойы халықлары тарийхында тутқан орны. // «Қарақалпақстан муғаллими», 1998, № 3-4.
21. Сафаргалиев М.Г. Распад Золотой Орды // Учен. Зап. Мордовского гос. Ун.-та.-Саранск, 1960 с.-Вып. 11. С.226.; Кочекаев Б.Э.Б. Ногайско-русское отношения в XI-XVIII вв.-Алма-Ата: «Наука» КР, 1988.
22. Трепавлов В.В. История Ногайской Орды. -М.: Изд-ская фирма «Восточная литература» РАН, 2001.
23. Уалиханов Ч. Сочинения. // Зап.РГО, т. XXIX. СПб., 1904.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада достоншунослик, хусусан, Едигешуносликда ечимини кутиб турган ниҳоятда зарур масалаларнинг бири, достон қаҳрамони Едигенинг авлод-аждоди, этник келиб чиқиши, қайси қавм, этнос, халқ, миллатга тегишли эканлиги ҳақидаги масала тарихий-фольклорик материалларни солиштириб таҳлил этиш орқали кенг фикр билдирган ва унинг қорақалпоқ халқининг манғит уруғининг Оқманғит бўлакчасидан эканлиги ҳақидаги илгоридан илида мавжуд бўлған фикрлар атрофлича далилланган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается актуальному вопросу в изучении эпосов, и в частности эпоса «Едиге» исследованию предков, этнического происхождения, племени и рода, этноса, принадлежности к нации главного героя дастана-Едиге на основе сопоставительного анализа историко-фольклорных материалов. Ещё раз доказывается и подтверждается мнение о том, он по происхождению из рода мангит, ветви ак мангит.

**SUMMARY**

The article is devoted to one of the actual issues in the study of eposes-the investigation of off-springs, ethnic origin, tribe and clan, ethnos, nation of the leading hero of the epos «Edige»-Edige on the basis of the comparative analysis of historical-folklore materials. The authors of the article tries to prove and confirm the opinion that Edige belonged to the clan Mangit, its branch –Ak Mangit.

## «АЛПОМИШ» ДОСТОНИ ЎЗБЕК - ҚОРАҚАЛПОҚ ВЕРСИЯЛАРИДА БОШ ҚАҲРАМОН ШАЖАРАСИ ВА «ҚЎНҒИРОТ» ЭТНОНИМИ ТАЛҚИНИ

**Н.Г.Алламбергенова** - *ассистент ўқитувчи*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** достон, версия, вариант, шажара, этноним, бош қаҳрамон.
**Ключевые слова:** эпос, версия, вариант, родословное дерево, этноним, главный герой.
**Key words:** epic poem, version, option, family tree, ethnonym, the main character.

Инсоният тамаддуни, хусусан, туркий халқларда ажойиб ҳилқат- инсон моҳияти, унинг шу кунги ижтимоий-иқтисодий мавқеъи, маънавий-ахлоқий тутим ва сажияси билангина ўлчанмайди. Балки бунда ўша шахс аждоди – ота-боболарининг жамиятда тутган ўрни, хулқ-атворларига хос белги, хусусиятларига диққат қаратилади. Халқ орасидаги “Онасини кўриб, қизини ол, отасини кўриб, боласини баҳола”, “Олма меваси олма дарахти остига тушади“, “Ариқ ўз дарёсидан сув олади”, “Қийшиқ мўридан эгри тутун” каби мақол ва маталлар бежиз яртилмаган. Ушбу қараш қадимий оғзаки ижод намуналарида, хусусан, “Алпомиш” достонида ҳам ўзига хос инъикосини топган.

“Алпомиш”нинг Фозил Йўлдош ўғли варианти шундай бошланади: “Бурунги ўтган замонда, ўн олти уруғ Қўнғирот элида Добонбий деган ўтди, Добонбийдан Алпинбий деган ўғил фарзанд пайдо бўлди. Алпинбийдан тағин икки ўғил пайдо бўлди: каттаконининг отини Бойбўри қўйди, кичкинасининг отини Бойсари қўйди. Бойбўри билан Бойсари – иккови катта бўлди. Бойсари бой эди, Бойбўри эса, шой эди, бул иккови ҳам фарзандсиз бўлди” [1:67]. Гувоҳи бўляпмизки, достоннинг биринчи хатбошисида асардаги бош қаҳрамонлар ҳақида эмас, балки уларнинг яқин аждодлари хусусида маълумот бермоқда.

Нима учун? Юқорида таъкидлаганимиздек, аждодлар Бойбўри, Бойсари, Ҳақимбек, Барчин, Қалдирғоч ва Ёдгорбек ҳақидаги маълумотлар юкини оширмоқ учун. Эътибор қаратайлик: ...Добонбий – Алпинбий – Бойбўри, Бойсари, – Ҳакимбек – Ёдгорбек... Мушоҳадага озгина эрк берсак, санаб ўтилаётган силсила Ҳакимбекнинг алп бўлиб етишуви тасодифий ҳодиса эмас, балки тақдир томонидан белгиланганини кўрамиз. Яъни шажарада ҳар иккинчи авлод алп бўлиб ўтганлиги қайд этилмоқда. Ёдгорбекдан яна алп дунёга келиши мумкин... Диққатга лойиқки, матнда Добонбий ва Алпинбий ота-бола ҳаётлари улардан туғилган фарзандлар номларини санаш билангина чекланилади. Бу билан тилга олинаётган кишилар ҳаётида силсила тақдирида ўзгариш ясагудек жиддий воқеа рўй бермаганлигига ишора қилинмоқда. Аммо исмларига қўшилаётган қарлуқ-чигил ва ўғиз лаҳжаларидаги “бек” маъносини берадиган “бий” қўшимчаси уларнинг ҳам ўз қабила-уруғларида нуфузли кишилар бўлганлигидан дарак беради.

Достоннинг Муҳаммад Жонмурод ўғли Пўлкан ҳамда Эргаш Жуманбулбул ўғли тилидан ёзиб олинган вариантларида асарнинг бош қаҳрамонлари шажараси ҳақида маълумот берилмай, “қирқ минг уйли Қўнғирот”га ҳукмдорлик этган шахслар силсиласи берилади: “Қирқ минг уйли Қўнғиротда Қулқорабек деган ўтди, ундан сўнг Жўлқора ўтди, Жўлқоранинг ўғли Бойназарбекка навбат келди, Қўнғиротга бек бўлди. Бойназар ўлди-да, юрт беэга қолди. Ўн тўрт қуда келди, саккиз чорҳоким келди. Икки ёнбошида ўтирадиган вазирлари келди, чап оталиқ, ўнг оталиқ беклар келди, Ҳазрати Хизр келди, давлат келди, юртни